



Pou Piblikasyon Imedya: 11/08/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL BAY NOUYÒKÈ YO MIZAJOU SOU KALITE LÈ A

*Avi Sante sou Kalite Lè pou ozòn pou Lower Hudson Valley ak rejyon metwopoliten Vil Nouyòk nan madi*

*Yo prevwa gwo chalè nan pifò pati nan Eta a jiska mèkredi*

Gouvènè Hochul te anonse jodi a ke Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta Nouyòk ak Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta a te pibliye yon Avi Sante sou Kalite Lè pou ozòn demen, madi 12 out, pou Lower Hudson Valley ak rejyon Metwopoliten Vil Nouyòk. [Avi pou ozòn lan rete an vigè](#) pou Long Island, rejyon Metwopoliten Vil Nouyòk ak Lower Hudson pou jodi a, lendi 11 out. Pandan gen yon pati nan lafimen ensandi forè a ki toujou vizib nan altitud ki wo yo pandan l ap gaye deyò eta a, n ap raple rezidan ak vizitè Nouyòk yo pou yo pote atansyon ak kondisyon kalite lè a nan woutin chak jou yo konsènan tan ki cho. Mizajou sa soti alòske Gouvènè Hochul [egzòte Nouyòkè yo yè pou yo prepare pou plizyè jou tanperati wo](#) nan tout Eta a jiska mèkredi. Yo prevwa tanperati 'aparan' nan mitan rive nan 32 degre Celsius (90 Fahrenheit) nan pifò pati nan Eta a nan madi, sitou nan Lwès Nouyòk, Finger Lakes ak North Country. Nivo imidite yo ap ogmante tou madi ak mèkredi. Nan mèkredi, tanperati aparant yo ki depase 32 degre Celcius (90 degre Fahrenheit) ap kontinye nan pifò pati nan Eta a epi toupri 38 degre Celcius (100 Fahrenheit) nan kèk pati Mid-Hudson, Vil Nouyòk, ak Rejyon Long Island. Yo prevwa lapli ak loraj nan tout Eta a madi pou rive mèkredi.

"Avèk tanperati ekstrèm yo ki nan Eta nou an, m ap siveye depre previzyon lè ak meteyo nou yo ak anpil atansyon e travay ansanm ak patnè nan gouvènman an pou asire sekirite Nouyòkè yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen egzòte Nouyòkè yo pou yo 'Konsyan de Kalite Lè a' ak pou pran prekosyon nesèsè pou pwoteje tèt yo ak moun yo renmen yo."

Rejyon yo ki gen Avi Sante sou Kalite Lè pou demen, 12 out, gen ladan: **Lower Hudson Valley**, ki gen ladan konte Dutchess, Orange, Putnam, Ulster ak Sullivan ak **Rejyon Metwopoliten Vil Nouyòk**, ki gen ladan Vil Nouyòk ak konte Rockland ak Westchester.

Moun, espesyalman sila yo ki gen maladi kadyovaskilè ak sila yo ki gen maladi respiratwa (tankou opresyon), timoun piti, granmoun aje, moun ki fè egzèsis deyò, ak moun ki patisipe nan travay deyò ki di ta dwe konsidere limite aktivite fizik difisil deyò lè nivo ozòn yo pi wo (jeneralman nan apremidi ak kòmansman sware yo). Lè nivo ozòn ekstèn yo elve, ale anndan kay yo pral abityèlman redwi ekspozisyon an. Moun ki ap eksperimante sentòm tankou esoufleman, doulè nan pwatrin oswa tous yo ta dwe konsidere konsilte doktè pa yo.

Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (DEC) Eta Nouyòk ak Depatman Sante (DOH) Eta a pibliye Avi Sante sou Kalite Lè a lè meteyològ DEC yo fè previzyon sou nivo polisyon, swa ozòn oswa ti patikil (PM2.5), yo prevwa ki ta dwe depase yon Endis Kalite Lè (Air Quality Index, AQI) ki gen valè 100. AQI a te kreye kòm yon mwayen ki fasil pou asosye nivo polisyon diferan sou yon echèl, avèk yon valè AQI ki pi wo ki endike yon pi gwo enkyetid pou sante.

Yo ankouraje Nouyòkè yo pou yo "Konsyan de Kalite Lè a" epi tcheke [airnow.gov](http://airnow.gov) pou jwenn enfòmasyon egzak sou previzyon ak kondisyon kalite lè a. Pou wè dènye previzyon sou kalite lè DEC yo, vizite sitwèb DEC la.

## OZÒN

Chalè ete yo kapab lakòz fòmasyon ozòn nan nivo tè a, ki se yon konpozan majè nan esmòg fotochimik lan. Lafimen machin ak sous emisyon gaz ki soti nan lòt eta yo se sous prensipal ozòn nan nivo tè a epi yo se pwoblèm polisyon lè ki pi grav yo nan rejyon nòdès la. Yo pa ta dwe konfonn polyan sifas sa ak kouch ozòn pwotektris ki nan pi wo nivo atmosfè a.

Ozòn pa yon emisyon dirèk, men pito li fòme lè limyè solèy la reyaji chimikman ak oksid azòt (NOx) ak konpoze òganik volatil (VOC) ki soti nan lafimen machin ak emisyon endistriyèl. Ozòn nan yon nivo wo pa tèlman vizib tankou PM2.5 paske li se yon gaz ki pa gen koulè, men li ka fè syèl la vin twoub epi diminye vizibilite nan konsantrasyon ki wo yo. Prezans lafimen ensandi forè kapab ogmante pwodiksyon ozòn tou.

Nivo ozòn yo jeneralman diminye lannwit epi yo ka minimize pandan lajounen lè nou limite depلاسman nan machin ak itilize transpò piblik yo kote yo disponib.

Nou ankouraje Nouyòkè yo tou pou yo pran mezi sa yo pou ekonomize enèji ak diminye polisyon:

- sèvi ak transpò piblik oswa transpò pataje olye pou yo kondwi, paske emisyon lafimen machin yo reprezante anviwon 60 pousan polisyon nan vil nou yo;
- ekonomize gaz epi diminye lafimen machin lè yo konbine vwayaj veyikil a motè obligatwa yo.
- etenn tout limyè ak tout aparèy elektrik nan zòn ki pa gen moun;
- sèvi ak vantilatè pou fè lè a sikile. Si li nesèsè pou itilize èkondisyone, mete tèmomèt la nan 25.5 degre C (78 degre F);
- fèmen rido ak fenèt yo pou limite akimilasyon chalè epi konsève lè fre a;

- limite itilizasyon aparèy kay yo. Si sa nesesè, sèvi ak aparèy yo nan lè ki pa gen anpil demann (apre 7 p.m.). Sa yo gen ladan machin alave, sechwa, ponp pisin ak chofaj dlo;
- mete frijidè ak frizè yo nan tanperati ki pi ekonomik;
- achte epi enstale ekleraj ak aparèy ki ekonomize enèji ki gen etikèt Energy Star; epi
- redwi oswa pa boule bagay deyò epi eseye minimize sous PM 2.5 ki andedan kay tankou lafimen.

Lòt enfòmasyon sou ozòn ak PM 2.5 disponib sou sitwèb DEC la ak sou sitwèb DOH la (PM 2.5) / sitwèb DOH (ozòn). Yon nouvo fich enfòmasyon DEC sou Endis Kalite Lè a disponib sou sitwèb DEC oswa pou telechaje an PDF.

Pou w rete ajou avèk anons DEC yo, enskri pou w ka resevwa Alèt sou Kalite lè atravè DEC Delivers: Premye Sèvis Imèl DEC la. DEC te etabli yon Liy Asistans sou Kalite Lè gratis (1-800-535-1345) pou kenbe Nouyòkè yo enfòme sou dènye sityasyon kalite lè a.

Chalè ekstrèm danjere epi li se prensipal kòz lanmò ki gen rapò ak move tan nan Etazini. Maladi ki gen rapò ak chalè ki pi komen yo se kou chalè (kou solèy), gwo fatig akòz chalè, kranp akòz chalè ak gratèl akòz chalè. Aprann plis sou maladi ki gen rapò ak chalè, tankou siy ak sentòm ak kilè pou w aji sou [paj wèb konsèy sou chalè ekstrèm Depatman Sante Eta \(State Health Department\)](#) a.

Pou kapab jwenn yon lis konplè sou alèt, avètisman, avi ak dènye previzyon meteyo yo, [vizite sit entènèt Sèvis Meteyo Nasyonal](#) la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)